Save Print Clear

CFWB-012
REV. 07/23

NYC Children

# Demann Èd Pou Gadri

Tanpri li enstriksyon (CFWB-012A) yo epi revize lis verifikasyon dokiman (CFWB-012B) a pou ede w ranpli fòm sa a epi pou w jwenn enfòmasyon sou dokiman ki obligatwa yo.

**ATANSYON:** Yo itilize demann sa a pou mande sèlman èd pou gadri Kategori 2 oswa 3* (pou fanmi ki pa resevwa èd lajan kach yo). Pou fè demann Èd Lajan Kach oswa lòt avantaj, ki gen ladan Èd pou Gadri Kategori 1 (pou fanmi ki resevwa èd lajan kach yo), ou dwe itilize Demann Eta New York pou Sèten Avantaj ak Sèvis la (LDSS-2921).

**Tanpri Sonje:** Tout seksyon ki nan fòm sa a dwe ranpli, pou yo kapab konsidere fòm sa a kòm yon fòm ki konplè, sof si yo ta di seksyon an se yon seksyon ki pa obligatwa. Si w pa ranpli tout seksyon ki obligatwa nan fòm sa a, yo kapab pa konsidere demann ou fè pou jwenn Èd pou Gadri a.

Aplikan sa yo kapab kalifye pou jwenn èd pou gadri a san yo pa bezwen gen yon revni epi yo pa bezwen ranpli demann sa a:
- Paran akèy ki bezwen èd pou gadri a nan lide pou pèmèt yo travay epi yo sèlman fè demann nan pou yo ka jwenn èd pou timoun yo akeyi a.
- Fanmi ki resevwa sèvis pwoteksyon oswa sèvis prevansyon.

**Ale nan enstriksyon demann (CFWB-012A) a pou plis detay** ◯ Nouvo ◯ Chanjman/Resètifikasyon ◯ Relouvri

**OFFICE USE ONLY** Case #: ____________ Application Date: ____________

**Seksyon 1 - Aplikan an**

Siyati (Tanpri mete nenpòt non jwèt oswa non jèn fi ou genyen anndan parantèz): ____________ Prenon: ____________ Inisyal Dezyèm Prenon: ______ Eta Sivil: ______

Adrès Kay la: ____________ Nimewo Apatman an: ______ Vil/Minisipalite: ____________ Eta: ______ Kòd Postal: ______

Èske sa se yon adrès tanporè? ◯ Wi ◯ Non *Si se wi, èske fanmi an abite ladann kounye a?* (tcheke youn): ◯ Chèltè Pou Moun Sanzabri ◯ Pataje lojman avèk yon lòt fanmi ◯ Otèl/Motèl ◯ Machin, Otobis, Tren ◯ Pak, Teren Kanping ◯ Lòt

Telefòn (Travay): ____________ Telefòn (Lakay): ____________ Telefòn (Selilè oswa Lòt): ____________ Imèl: ____________

Èske w resevwa Èd Lajan Kach? ◯ Wi ◯ Non Nimewo CA: ____________ Ki lang ou pale pi byen? ◯ Anglè ◯ Panyòl ◯ Lòt ______

Ki lang ou pito? ◯ Anglè ◯ Panyòl ◯ Lòt ______

Tanpri, ekri non tout timoun nan kay ou a ki gen bezwen sèvis gadri. **(Sèlman timoun ki bezwen sèvis gadri yo)**

**Seksyon 2 Timoun Ki Bezwen Sèvis Gadri A (Yo)**

| Non (Siyati, Prenon) | Inisyal Dezyèm Prenon | Kisa li ye pou ou | Dat Nesans | Sèks | Toulede Paran Timoun nan Ap Viv nan Kay la? | Orijin Etnik Ispanik oswa Latino** | Ras** *(Gade lejann ki anba a)* | Nimewo Sekirite Sosyal *(Li pa obligatwa)* | Timoun ki gen yon Andikap? | Èske timoun nan se yon Sitwayen Ameriken/Resòtisan Ameriken/ oswa yon moun ki gen yon bon estati imigrasyon? |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | | | | | | | | | |
| 2. | | | | | | | | | | |
| 3. | | | | | | | | | | |
| 4. | | | | | | | | | | |
| 5. | | | | | | | | | | |
| 6. | | | | | | | | | | |
| 7. | | | | | | | | | | |
| 8. | | | | | | | | | | |

* Kategori 1: Fanmi ki kapab kalifye pou yon garanti gadri – k ap fè demann oswa k ap resevwa Èd Lajan Kach (CA), oswa k ap resevwa Èd pou Gadri a nan plas CA oswa k ap resevwa sèvis gadri pou yon ti tan
Kategori 2: Fanmi yo kapab kalifye lè genyen lajan ki disponib
Kategori 3: Fanmi yo kapab kalifye lè genyen lajan ki disponib epi lè ACS te mete yo nan Plan pou Sèvis Timoun ak Fanmi li a (Child and Family Services Plan)

** Li pa obligatwa pou w bay enfòmasyon sou orijin etnik ak sou ras epi sa p ap afekte kalifikasyon w pou jwenn Èd pou Gadri a oswa kantite èd ajans sa a pral ba ou.

Kòd Afilyasyon Rasyal:
**AI** Ameriken Natifnatal oswa Natifnatal Alaska
**AS** Azyatik
**BL** Nwa oswa Ameriken Nwa
**HP** Awayen Natif Natal oswa Moun Zile Pasifik
**WH** Blan

CFWB-012
REV. 07/23

NYC Children

Tanpri, mete non tout **lòt** moun ki fè pati tout moun k ap viv nan kay ou a (ki pa gen non yo ekri nan Seksyon 2A), ni timoun ki poko gen 18 lane epi ki **pa** bezwen sèvis gadri a.
Mete non ou an premye, epi mete non tout lòt moun k ap viv avèk ou.

**Seksyon 2B Manm Fanmi Yo**

| **Non ( Siyati, Prenon)** *(Mete nenpòt non jwèt oswa non jèn fi ou genyen anndan parantèz)* | **Inisyal Dezyèm Prenon** | **Sa li ye pou ou** | **Dat Nesans** | **Sèks** | **Orijin Etnik Ispanik oswa Latino**** | **Ras**** *(Gade lejann ki adwat la)* | **Nimewo Sekirite Sosyal** *(Li pa obligatwa)* |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | | Ou menm | | M | | | |
| 2. | | | | M | | | |
| 3. | | | | M | | | |
| 4. | | | | M | | | |
| 5. | | | | M | | | |
| 6. | | | | M | | | |
| 7. | | | | M | | | |
| 8. | | | | M | | | |

Pou lòt manm fanmi yo, tanpri tache yon fèy apa. Mete enfòmasyon mari oswa madanm nan, paran an oswa responsab timoun k ap viv nan kay la epi ki mande sèvis gadri a.

Kòd Afilyasyon Rasyal:
**AI** Ameriken Natifnatal oswa Natifnatal Alaska
**AS** Azyatik
**BL** Nwa oswa Ameriken Nwa
**HP** Awayen Natif Natal oswa Moun Zile Pasifik
**WH** Blan

**OFFICE USE ONLY** Family Size: _______

**Seksyon 3 Bezwen Timoun Nan/Fanmi An**

Pou ki rezon ou mande Èd pou Gadri a?
- ◯ Travay
- ◯ Fòmasyon Pwofesyonèl/Aktivite Edikatif
- ◯ Resevwa Sèvis pou Vyolans Nan Kay
- ◯ Ap Chache Travay ◯ Sanzabri
- ◯ Patisipe nan yon pwogram ki apwouve pou trete moun ki dejwe nan pran dwòg

Èske gen yon paran kounye a k ap travay (aplentan) nan Lame Etazini an?
◯ Wi ◯ Non

Èske gen yon paran k ap travay kounye a kòm yon manm nan Gad Sekirite Nasyonal la oswa ki se manm Inite Rezèv Militè?
◯ Wi ◯ Non

Èske gen yon paran ki p ap viv avèk timoun nan ki disponib pou l vin gade timoun nan?
◯ Wi ◯ Non

Èske aplikan an ap resevwa ak/oswa aplike pou sèvis gadri a atravè yon lòt demann?
*Si se wi, tanpri di ki ajans:*
- ◯ Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE)
- ◯ Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA)
- ◯ Depatman Lajenès ak Devlopman Kominotè (Department of Youth and Community Development, DYCD)
- ◯ Depatman Sèvis pou Sanzabri (Department of Homeless Services, DHS)
- ◯ Gwoupman pou Fòmasyon Travayè yo (Consortium for Worker Education, CWE)
- ◯ Administrasyon pou Sèvis Timoun (Administration for Children's Services, ACS)

**Seksyon 4 - Travay (si se akoz travay la ou mande sèvis gadri a)**

**Non Patwon** Aplikan an: ____________ Nimewo Telefòn: ____________ Adrès: ____________ Vil/Minisipalite: ____________ Eta: ________ Kòd Postal: ________
Dat Travay la Kòmanse: ____________ Èske travay la genyen yon chanjman orè? ◯ Wi ◯ Non Èske travay la mande pou fè lè siplemantè (OT)? ◯ Wi ◯ Non

*Si moun k ap aplike a genyen yon dezyèm travay*
**Non Patwon** Aplikan an: ____________ Nimewo Telefòn: ____________ Adrès: ____________ Vil/Minisipalite: ____________ Eta: ________ Kòd Postal: ________
Dat Travay la Kòmanse: Èske travay la genyen yon chanjman orè? ◯ Wi ◯ Non Èske travay la mande pou fè lè siplemantè (OT)? ◯ Wi ◯ Non

***Dezyèm paran, moun k ap okipe timoun nan oswa bèlmè/bòpè ki nan kay la***
**Non Patwon** Aplikan an: ____________ Nimewo Telefòn: ____________ Adrès: ____________ Vil/Minisipalite: ____________ Eta: ________ Kòd Postal: ________
Dat Travay la Kòmanse: ____________ Èske travay la genyen yon chanjman orè? ◯ Wi ◯ Non Èske travay la mande pou fè lè siplemantè (OT)? ◯ Wi ◯ Non

*Si dezyèm paran an, responsab la oswa bèlmè/bòpè ki nan kay la genyen yon dezyèm travay*
**Non Patwon** Aplikan an: ____________ Nimewo Telefòn: ____________ Adrès: ____________ Vil/Minisipalite: ____________ Eta: ________ Kòd Postal: ________
Dat Travay la Kòmanse: ____________ Èske travay la genyen yon chanjman orè? ◯ Wi ◯ Non Èske travay la mande pou fè lè siplemantè (OT)? ◯ Wi ◯ Non

NYC Children

**Seksyon 5 Orè Travay/Aktivite/Vwayaj**

Orè travay/aktivite nòmal la (sa vle di, aktivite edikatif oswa pwofesyonèl)

| Dimanch | | Lendi | | Madi | | Mèkredi | | Jedi | | Vandredi | | Samdi | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska |
| | | | | | | | | | | | | | |

Tanpri, ranpli orè ki anba a sèlman si paran an gen yon dezyèm sèvis, travay oswa aktivite.

| Dimanch | | Lendi | | Madi | | Mèkredi | | Jedi | | Vandredi | | Samdi | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska |
| | | | | | | | | | | | | | |

Orè travay/aktivite nòmal pou dezyèm paran an, responsab la oswa bèlmè/bòpè ki nan kay la

| Dimanch | | Lendi | | Madi | | Mèkredi | | Jedi | | Vandredi | | Samdi | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska |
| | | | | | | | | | | | | | |

Tanpri, ranpli orè ki anba a sèlman si dezyèm paran an, responsab la oswa bèlmè/bòpè ki nan kay la genyen yon dezyèm sèvis, travay oswa aktivite

| Dimanch | | Lendi | | Madi | | Mèkredi | | Jedi | | Vandredi | | Samdi | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska | apati | jiska |
| | | | | | | | | | | | | | |

Tan Deplasman Depoze: Tan deplasman pou soti nan gadri a pou ale nan travay la/aktivite a?
Tcheke youn nan bagay sa yo: ◯ 15 minit ◯ 30 minit ◯ 45 minit ◯ 1 èdtan ◯ Plis pase 1 èdtan. Kantite tan an si li plis pase 1 èdtan ____________ Transpò Piblik? ◯ Wi ◯ Non
Vin Chèche: Tan deplasman pou soti nan travay la/aktivite a pou ale nan gadri a?
Tcheke youn nan bagay sa yo: ◯ 15 minit ◯ 30 minit ◯ 45 minit ◯ 1 èdtan ◯ Plis pase 1 èdtan. Kantite tan an si li plis pase 1 èdtan ____________ Transpò Piblik? ◯ Wi ◯ Non

Mari/Madanm/Lòt Paran: Tan deplasman pou soti nan gadri a pou ale nan travay la/aktivite a?
Tcheke youn nan bagay sa yo: ◯ 15 minit ◯ 30 minit ◯ 45 minit ◯ 1 èdtan ◯ Plis pase 1 èdtan. Kantite tan an si li plis pase 1 èdtan ____________ Transpò Piblik? ◯ Wi ◯ Non
Vin Chèche: Tan deplasman pou soti nan travay la/aktivite a pou ale nan gadri a?
Tcheke youn nan bagay sa yo: ◯ 15 minit ◯ 30 minit ◯ 45 minit ◯ 1 èdtan ◯ Plis pase 1 èdtan. Kantite tan an si li plis pase 1 èdtan ____________ Transpò Piblik? ◯ Wi ◯ Non

Di si ou menm oswa nenpòt lòt moun ki fè demann ansanm avèk ou konn resevwa lajan nan men sous sa yo: *Gade lis verifikasyon (CFWB-012B) a pou ka wè dokiman ki obligatwa yo. TANPRI, EKRI AK LÈT DETACHE*

**Seksyon 6 Enfòmasyon sou Revni**

| Sous | Wi /Non | Montan Brit | Konbyen fwa? (chak semèn, chak de (2) semèn, chak mwa, elatriye) | Kiyès ki benefisyè a? | OFFICE USE ONLY: Type of Documentation | OFFICE USE ONLY: Monthly Calculations |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Salè Aplikan an, ki gen ladan lè siplemantè, komisyon, pwogram fòmasyon, poubwa | | $ | | Ou menm | | |
| Dezyèm paran, responsab oswa bèlmè/bòpè ki nan kay la Salè, ki gen ladan lè siplemantè, komisyon, pwogram fòmasyon, poubwa | | $ | | | | |
| Revni pou Travay Endepandan | | $ | | | | |
| Peman pou Sipò Timoun (resevwa) | | $ | | | | |
| Pansyon Alimantè/Sipò (resevwa) | | $ | | | | |
| Avantaj Asirans Chomaj, Konpansasyon Travayè | | $ | | | | |
| Avantaj Sekirite Sosyal (ki gen ladan SSI) | | $ | | | | |
| Avantaj pou Andikap (NYS, VA, Prive) | | $ | | | | |
| Revni Lokasyon/Pansyonè/Lokatè (resevwa) | | $ | | | | |
| Dividann/Enterè – Aksyon, Obligasyon, Ekonomi | | $ | | | | |
| Retrèt, Pansyon/Anwite | | $ | | | | |
| Sibvansyon Èd Lajan Kach (Cash Assistance, CA), Avantaj Filè Sekirite | | $ | | | | |
| Lòt (tanpri presize) | | $ | | | | |
| **Revni Total** | | $ 0.00 | | | | |

NYC Children

**Seksyon 7 Founisè**

Si w kalifye pou jwenn Èd pou Gadri, ki jwenn finansman nan men Sibvansyon Global pou Sèvis Gadri nan Vil New York (New York State Child Care Block Grant), ou gen posiblite pou w chwazi yon gadri ki nan yon sant oswa ki nan yon kay.
Si w chwazi yon founisè ki pa gen lisans oswa ki pa anrejistre, founisè a dwe enskri kòm yon founisè ki Legalman Otorize. Bay non ak adrès founisè ou chwazi a (yo) pi ba a. Ou kapab mete non lòt chwa yo sou yon fèy ki tache.

Non: ______________ Nimewo Program nan (si li nesesè): ______________ Non: ______________ Nimewo Pwogram nan(si li nesesè): ______________ Non: ______________ Nimewo Pwogram nan (si li nesesè): ______________

Adrès: ______________ Adrès: ______________ Adrès: ______________

**Seksyon 8 Sètifikasyon**

1. Mwen konpran y ap itilize enfòmasyon ki nan fòm sa a pou detèmine si mwen menm oswa fanmi mwen kalifye pou sèvis oswa sibvansyon yo. Mwen konprann lè mwen siyen fòm sa a, mwen dakò pou m kolabore nan tout ankèt ki ap fèt pou verifye oswa konfime enfòmasyon mwen te bay yo oswa tout lòt ankèt ki gen rapò ak demann mwen fè pou sèvis èd pou gadri a. Si yo mande m lòt enfòmasyon, m ap bay yo.
2. Si yo bay nimewo Sekirite Sosyal yo, ajans federal, eta ak ajans lokal yo kapab itilize yo pou anpeche moun pran sèvis yo plizyè fwa, pou anpeche fwod epi pou rapò federal yo.
3. Mwen dakò pou m enfòme ajans lan imedyatman sou nenpòt chanjman ki genyen nan bezwen mwen yo, nan revni m, nan adrès mwen, nan kondisyon lavi m, nan kantite moun ki nan kay la oswa nan adrès kote finansman pou gadri a ap soti, kiyès ki gade li, frè pou founisè a ak/oswa lè mwen bezwen sèvis gadri a.
4. Mwen sètifye timoun yo di ki bezwen sèvis gadri yo se sitwayen ameriken, resòtisan ameriken, oswa moun ki gen yon bon estati imigrasyon.
Mwen konprann yo ka bay Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon an (Immigration and Naturalization Service, INS) enfòmasyon sou timoun yo pou verifye estati imigrasyon yo, si li nesesè. Mwen konprann itilizasyon oswa piblikasyon enfòmasyon konsènan timoun sa yo limite ak moun epi òganizasyon ki konekte dirèkteman ak verifikasyon estati imigrasyon epi ak administrasyon oswa aplikasyon dispozisyon pou Pwogram Èd pou Gadri a.
5. Mwen konprann y ap itilize demann sa a sèlman pou sèvis èd pou gadri. Pou jwenn lòt èd tankou SNAP, Medicaid, Èd Lajan Kach oswa lòt sèvis, gen lòt demann ki nesesè. Men, demann sa a ak enfòmasyon yo jwenn nan kad ankèt pou demann sa a, kapab pataje ak nenpòt ajans Vil, Eta oswa ajans Federal ou mande oswa ou te mande nenpòt lòt èd oswa avantaj.
6. Lwa federal ak Eta yo prevwa kòman pou bay sanksyon, ki gen ladan li amann, prizon, oswa toulede, si w pa di laverite lè w mande Èd pou Gadri a oswa lè yo poze w kesyon sou kalifikasyon w, oswa si w fè yon lòt moun pa di laverite sou demann ou an oswa pou yo kenbe kalifikasyon w lan. Ap gen sanksyon tou si w ap eseye kache oswa refize bay enfòmasyon konsènan kalifikasyon anvan w la oswa sa k ap kontinye pou zafè Èd pou Gadri a, oubyen si ou kache oubyen refize bay enfòmasyon ki ka kontrarye dwa yon moun ou te fè demann pou li, pou l jwenn oubyen pou l kontinye resevwa èd pou gadri a. Si se ou ki reprezantan otorize pou fè demann nan plas yon lòt moun, se pou moun sa a èd pou gadri a ye men se pa pou ou. Li ilegal pou jwenn Èd pou Gadri a pandan w ap kache enfòmasyon oswa bay fo enfòmasyon.
7. Mwen sètifye resous fanmi mwen pa depase $1,000,000.00.

Politik ak angajman Administrasyon pou Sèvis Timoun Vil New York la (New York City Administration for Children's Services, NYC ACS) se pou li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, kwayans, laj, koulè, sèks, relijyon, orijin nasyonal, estati etranje oswa estati sitwayen, andikap mantal oswa fizik, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, gwosès, eta sivil oswa patenarya.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou dwa ak responsabilite ou yo nan http://otda.ny.gov/programs/applications/4148A.pdf
**Si ou pa gen aksè ak entènèt, ou ka rele NYC ACS nan (212) 835-7610 pou mande kopi fizik ti liv sa yo.**
**LDSS-4148A:** Sa Ou Dwe Konnen Sou Dwa ak Responsablite Ou yo; **LDSS-4148B:** Sa Ou Dwe Konnen Sou Pwogram Sèvis Sosyal yo; **LDSS-4148C:** Sa Ou Dwe Konnen Si Ou Gen yon Ijans

**Sètifikasyon:** Mwen jire epi/oswa deklame sou lwa kont fo sèman an, tout enfòmasyon mwen bay la yo oubyen pral bay NYC ACS pou sèvis Èd pou Gadri a kòrèk. Mwen te li epi mwen konprann avi ki anwo yo ak avi ki tache yo. Mwen konprann epi mwen dakò ak sètifikasyon yo mete anwo yo.

Tanpri, make siyati ni paran an/responsab si yo toulede nan kay la.

Siyati Paran an/Responsab la: ______________ Siyati Paran an/Responsab la: ______________ Siyati Paran an/Responsab la: ______________

Ekri Non an ak Lèt Detache: ______________ Dat: ________ Ekri Non an ak Lèt Detache: ______________ Dat: ________ Ekri Non an ak Lèt Detache: ______________ Dat: ________

**Section 9 Office Only**

Authorized Days and Hours of Care:

| Sunday | | Monday | | Tuesday | | Wednesday | | Thursday | | Friday | | Saturday | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| from | to | from | to | from | to | from | to | from | to | from | to | from | to |
| | | | | | | | | | | | | | |

Authorized Days and Hours of Care for Second Shift/Work/Activity Schedule
(Complete only if parent provides second shift/work/activity schedule in Section 5)

| Sunday | | Monday | | Tuesday | | Wednesday | | Thursday | | Friday | | Saturday | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| from | to | from | to | from | to | from | to | from | to | from | to | from | to |
| | | | | | | | | | | | | | |

Eligibility determined and approved by (print and initial): ______________ Date: ______________

Length of Eligibility from ______________ to ______________ **Codes**: RFC: ________ PR: ________ FS: ________

CFWB-012
REV. 07/23

NYC Children

# Lòt Timoun (si sa aplikab)

Tanpri, ekri non tout timoun nan kay ou a ki gen bezwen sèvis gadri. **(Sèlman timoun ki bezwen sèvis gadri yo)**

**Seksyon 2**
**Timoun Ki Bezwen Sèvis Gadri A (Yo)**

| Non (Siyati, Prenon) | Inisyal Dezyèm Prenon | Kisa li ye pou ou | Dat Nesans | Sèks | Toulede Paran Timoun nan Ap Viv nan Kay la? | Orijin Etnik Ispanik oswa Latino** | Ras** *(Gade lejann ki anba a)* | Nimewo Sekirite Sosyal *(Li pa obligatwa)* | Timoun ki gen yon Andikap? | Èske timoun nan se yon Sitwayen Ameriken/Resòtisan Ameriken/ oswa yon moun ki gen yon bon estati imigrasyon? |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 9. | | | | | | | | | | |
| 10. | | | | | | | | | | |
| 11. | | | | | | | | | | |
| 12. | | | | | | | | | | |
| 13. | | | | | | | | | | |
| 14. | | | | | | | | | | |
| 15. | | | | | | | | | | |
| 16. | | | | | | | | | | |
| 17. | | | | | | | | | | |
| 18. | | | | | | | | | | |
| 19. | | | | | | | | | | |
| 20. | | | | | | | | | | |
| 21. | | | | | | | | | | |
| 22. | | | | | | | | | | |
| 23. | | | | | | | | | | |
| 24. | | | | | | | | | | |
| 25. | | | | | | | | | | |
| 26 | | | | | | | | | | |
| 27. | | | | | | | | | | |
| 28. | | | | | | | | | | |

* Kategori 1: Fanmi ki kapab kalifye pou yon garanti gadri – k ap fè demann oswa k ap resevwa Èd Lajan Kach (CA), oswa k ap resevwa Èd pou Gadri a nan plas CA oswa k ap resevwa sèvis gadri pou yon ti tan
Kategori 2: Fanmi yo kapab kalifye lè genyen lajan ki disponib
Kategori 3: Fanmi yo kapab kalifye lè genyen lajan ki disponib epi lè ACS te mete yo nan Plan pou Sèvis Timoun ak Fanmi li a (Child and Family Services Plan)

** Li pa obligatwa pou w bay enfòmasyon sou orijin etnik ak sou ras epi sa p ap afekte kalifikasyon w pou jwenn Èd pou Gadri a oswa kantite èd ajans sa a pral ba ou.

Kòd Afilyasyon Rasyal:
**AI** Ameriken Natifnatal oswa Natifnatal Alaska
**AS** Azyatik
**BL** Nwa oswa Ameriken Nwa
**HP** Awayen Natif Natal oswa Moun Zile Pasifik
**WH** Blan

NYC Children

# Lòt Manm Fanmi (si sa aplikab)

Tanpri, mete non tout **lòt** moun ki fè pati tout moun k ap viv nan kay ou a (ki pa gen non yo ekri nan Seksyon 2A), ni timoun ki poko gen 18 lane epi ki **pa** bezwen sèvis gadri a. Mete non ou an premye, epi mete non tout lòt moun k ap viv avèk ou.

**Seksyon 2B Manm Fanmi Yo**

| **Non ( Siyati, Prenon)** *(Mete nenpòt non jwèt oswa non jèn fi ou genyen anndan parantèz)* | **Inisyal Dezyèm Prenon** | **Sa li ye pou ou** | **Dat Nesans** | **Sèks** | **Orijin Etnik Ispanik oswa Latino**** | **Ras**** *(Gade lejann ki adwat la)* | **Nimewo Sekirite Sosyal** *(Li pa obligatwa)* |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 9. | | | | | | | |
| 10. | | | | | | | |
| 11. | | | | | | | |
| 12. | | | | | | | |
| 13. | | | | | | | |
| 14. | | | | | | | |
| 15. | | | | | | | |
| 16. | | | | | | | |
| 17. | | | | | | | |
| 18. | | | | | | | |
| 19. | | | | | | | |
| 20. | | | | | | | |
| 21. | | | | | | | |
| 22. | | | | | | | |
| 23. | | | | | | | |
| 24. | | | | | | | |
| 25. | | | | | | | |
| 26 | | | | | | | |
| 27. | | | | | | | |
| 28. | | | | | | | |

Pou lòt manm fanmi yo, tanpri tache yon fèy apa. Mete enfòmasyon mari oswa madanm nan, paran an oswa responsab timoun k ap viv nan kay la epi ki mande sèvis gadri a.

Kòd Afilyasyon Rasyal:

| | |
|---|---|
| **AI** | Ameriken Natifnatal oswa Natifnatal Alaska |
| **AS** | Azyatik |
| **BL** | Nwa oswa Ameriken Nwa |
| **HP** | Awayen Natif Natal oswa Moun Zile Pasifik |
| **WH** | Blan |

**OFFICE USE ONLY** Family Size: _______

NYC Children

# Lòt Founisè (si sa aplikab)

**Founisè**

Si w kalifye pou Asistans Swen Timoun ki finanse pa Sibvansyon Blòk Swen Timoun Eta New York, ou gen opsyon pou w chwazi: gadri nan sant oswa nan kay. Si w chwazi yon founisè ki pa gen lisans oswa ki pa anrejistre, founisè a dwe enskri kòm yon founisè legalman egzante. Bay pi ba a non (yo) ak adrès (yo) founisè ou chwazi a. Ou ka lis chwa adisyonèl sou yon fèy tache.

Non: ______ Nimewo Program nan (si li nesesè): ______ Non: ______ Nimewo Pwogram nan(si li nesesè): ______ Non: ______ Nimewo Pwogram nan (si li nesesè): ______
Adrès: ______ Adrès: ______ Adrès: ______

**Founisè**

Non: ______ Nimewo Program nan (si li nesesè): ______ Non: ______ Nimewo Pwogram nan(si li nesesè): ______ Non: ______ Nimewo Pwogram nan (si li nesesè): ______
Adrès: ______ Adrès: ______ Adrès: ______

**Founisè**

Non: ______ Nimewo Program nan (si li nesesè): ______ Non: ______ Nimewo Pwogram nan(si li nesesè): ______ Non: ______ Nimewo Pwogram nan (si li nesesè): ______
Adrès: ______ Adrès: ______ Adrès: ______

**Founisè**

Non: ______ Nimewo Program nan (si li nesesè): ______ Non: ______ Nimewo Pwogram nan(si li nesesè): ______ Non: ______ Nimewo Pwogram nan (si li nesesè): ______
Adrès: ______ Adrès: ______ Adrès: ______

**Founisè**

Non: ______ Nimewo Program nan (si li nesesè): ______ Non: ______ Nimewo Pwogram nan(si li nesesè): ______ Non: ______ Nimewo Pwogram nan (si li nesesè): ______
Adrès: ______ Adrès: ______ Adrès: ______

# Nòt revni

NYC Children

Divizyon pou Byennèt Timoun ak Fanmi

# Enstriksyon pou ka Ranpli Demann Èd pou Gadri ou a pou Kategori 2 oswa 3*

Disponiblite Èd pou Gadri a depann sou finansman ki soti nan Sibvansyon Global pou Sèvis Gadri (Child Care Block Grant).
Si pa gen finansman ki disponib, yo ka mete pitit ou a (yo) sou lis datant lan.

Chè Paran/Responsab,

**YO ITILIZE DEMANN SA A POU *SÈLMAN* MANDE ÈD POU GADRI KÒM YON FANMI KATEGORI 2 OSWA 3**

Si w ap mande sèlman Èd pou Gadri pou kategori 2 oswa 3 (pou fanmi ki pa resevwa èd lajan kach), ou ka itilize demann sa a ki yon jan pi kout. Si w vle mande lòt avantaj tankou Èd Lajan Kach, Pwogram Èd Nitrisyon Siplemantè (Koupon pou Manje), Èd pou Enèji nan Kay, Medicaid oswa lòt sèvis, ki gen ladan Èd pou Gadri pou kategori 1 (pou fanmi ki resevwa èd lajan kach), tanpri mande *Demann Eta New York pou Sèten Avantaj ak Sèvis* (LDSS-2921) (*New York State Application for Certain Benefits and Services*).

Lè w soumèt Demann Èd pou Gadri a olye se *Demann Eta New York pou Sèten Avantaj ak Sèvis* la (LDSS-2921), w ap mande sèlman Èd pou Gadri nan kategori 2 ak 3, sa vle di, lè genyen lajan ki disponib. Ou p ap aplike nan kategori 1, ki garanti sèvis gadri a.

Yo bay enstriksyon sa yo nan lide pou ede w ranpli demann ou an. Lè w ap ranpli demann ou an, tanpri sonje ekri an lèt detache ak lèt majiskil (A, B, C) avèk yon lank ble oswa nwa. Oubyen, ou kapab ranpli fòm nan sou òdinatè, anrejistre li, epi enprime li.

Demann sa a **dwe** gen ladann kèk dokiman kòm sipò tankou prèv revni, prèv adrès ak prèv travay.

**GADE LIS VERIFIKASYON SOUMISYON KI TACHE A (CFWB-012B) POU TOUT DOKIMAN KI OBLIGATWA YO.**

## LI ANVAN OU RANPLI DEMANN NAN

- ► Si w resevwa sèvis prevansyon oswa pwoteksyon pou byennèt timoun oswa si w se yon paran akèy k ap travay, ou ka deja kalifye pou èd pou gadri a epi ou ka pa bezwen ranpli demann sa a. Mande moun k ap planifye dosye w la (planifikatè dosye a) pou l fè yon referans pou Èd pou Gadri.
- ► Si w resevwa èd lajan kach (Cash Assistance, CA), ou ta dwe kontakte Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) ki nan Sant TRAVAY ou a pou èd pou gadri.

**TANPRI SONJE: Si gen nenpòt repons obligatwa ou pa bay, y ap konsidere tout demann nan kòm yon demann ki pa konplè.**

ESPAS POU ANPLWAYE YO EKRI
Bwat ki gen koulè gri yo se sèlman anplwaye biwo a ki dwe ekri ladan yo. Tanpri, **pa ekri** anyen nan seksyon sa yo.

*Kategori 1: Fanmi ki kalifye pou yon garanti gadri – k ap mande, k ap resevwa Èd Lajan Kach (CA), oswa k ap resevwa Èd pou Gadri nan plas Èd Lajan Kach (CA) oswa k ap resevwa sèvis gadri pwovizwa.
Kategori 2: Fanmi yo kalifye lè genyen lajan ki disponib
Kategori 3: Fanmi yo kalifye lè genyen lajan ki disponib epi lè Administrasyon pou Sèvis Timoun lan (Administration for Children's Services, ACS) te mete yo nan Plan pou Sèvis Timoun ak Fanmi (Child and Family Services Plan)

Tanpri, fè konnen anlè sou bò dwat la, si w ap soumèt yon **nouvo demann**, si w ap mande yon **chanjman** estati oswa resètifikasyon, oswa si w ap mande pou yo **relouvri** dosye w la.

## SEKSYON 1 APLIKAN AN

Aplikan an se paran ki granmoun nan oswa responsab k ap mande sèvis gadri a. Sof si yo te di fè yon lòt bagay, men apre sa, seksyon sa a dwe genyen enfòmasyon konsènan aplikan an sèlman:

1. Ekri ak lèt detache Siyati w ak Prenon w, epi inisyal dezyèm prenon w. Tanpri, mete nenpòt non jwèt oswa non jèn fi ou genyen anndan parantèz.
2. Ekri eta sivil ou (selibatè, marye, divòse oswa vèv).
3. Ekri Adrès Kay ou a Ak Lèt Detache.
4. Di si adrès sa a se yon adrès tanporè. Tcheke "WI" sèlman si fanmi an ap viv kounye a nan yon abri pou moun sanzabri, nan yon lojman li pataje ak yon lòt fanmi, nan yon otèl/motèl, nan yon machin/otobis/tren, nan yon pak/teren kanping, oswa yon lòt.
5. Ekri Nimewo Telefòn ou yo Ak Lèt Detache, mete kòd zòn nan - travay, kay, ak selilè/lòt (si li nesesè).
6. Ekri adrès imèl ou a ak lèt detache (li pa obligatwa).
7. Tcheke "WI" oswa "Non" pou Estati Èd Lajan Kach. **(Si ou se yon benefisyè CA, ou ta dwe mande sèvis gadri a atravè ajan Resous Imèn (HRA) ki nan Sant Travay ou a).**
8. Tcheke ti kare a pou ka chwazi lang yo pale pi souvan lakay ou a. Si genyen "lòt", ekri non lang lan an lèt detache.
9. Tcheke ti kare a pou ka chwazi lang ou prefere pale a. Si genyen "lòt", ekri non lang lan an lèt detache.

► DOKIMAN: Gade lis verifikasyon (CFWB-012B) la pou ka wè dokiman ki nesesè pou Rezidans nan Vil New York.

## SEKSYON 2A TIMOUN KI BEZWEN SÈVIS GADRI

1. Ekri ak lèt detache siyati ak prenon, epi inisyal dezyèm prenon chak timoun ki nan kay kote w ap mande èd pou gadri a.
2. Pou chak timoun ki nan kay la, ekri ak lèt detache relasyon yo genyen avèk ou (pa egzanp, timoun).
3. Ekri dat nesans lan ak lèt detache epi tcheke ti kare ki endike sèks pou chak timoun ki nan lis la.
4. Di si toulede paran timoun nan ap viv nan kay la.
5. Tcheke "WI" oswa "NON" pou fè konnen si chak timoun ki nan demann nan se Ispanik oswa Latino oswa si yo pa youn nan yo. Li pa obligatwa pou w bay enfòmasyon sou orijin etnik epi sa p ap afekte kalifikasyon w pou jwenn Èd pou Gadri a oswa kantite èd ajans sa a pral ba ou.
6. Ranpli kolòn Ras la pou chak timoun ki bezwen sèvis gadri. Ou ka chwazi plizyè kategori ras pou yon sèl timoun. Li pa obligatwa pou w bay enfòmasyon sou ras epi sa p ap afekte kalifikasyon w pou jwenn Èd pou Gadri a oswa kantite èd ajans sa a pral ba ou. Tanpri, itilize kòd ki anba yo.

   **AI** - Ameriken Natifnatal oswa Natifnatal Alaska **AS** - Azyatik **BL** - Nwa oswa Afriken Ameriken
   **HP** - Awayen Natifnatal oswa Lòt Abitan Zile Pasifik **WH** - Blan
7. Bay Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) chak timoun. Ou pa oblije bay SSN yo. Ajans federal, eta ak ajans lokal yo kapab itilize yo (SSN yo) pou anpeche moun pran sèvis yo plizyè fwa epi pou anpeche fwod, epi pou Rapò Federal yo.
8. Tcheke "WI" oswa "NON" pou fè konnen si timoun ki bezwen sèvis gadri a genyen yon andikap[1]. Si yo detèmine pitit ou a kalifye pou li jwenn èd pou gadri a, tanpri ale sou http://www1.nyc.gov/site/acs/early-care/forms.page pou kapab jwenn yon Demann pou Moun Ki Gen Bezwen Espesyal (Special Needs Application).
9. Tcheke "WI" oswa "NON" pou fè konnen si timoun ki bezwen sèvis gadri a se yon sitwayen ameriken, yon resòtisan ameriken oswa yon moun ki gen yon bon estati imigrasyon.
10. Tache yon fèy apa pou lòt timoun yo (si w ap mande sèvis gadri pou plis pase uit (8) timoun).

► DOKIMAN: Gade lis verifikasyon (CFWB-012B) la pou ka wè dokiman ki obligatwa pou estati sitwayènte oswa estati imigrasyon sèlman pou timoun ki bezwen sèvis gadri a (yo).

[1] Yon timoun ki gen yon andikap oswa ki gen yon bezwen espesyal, se yon timoun ki pa kapab pran swen tèt li epi se yon timoun yo jwenn ki genyen youn oswa plizyè nan maladi sa yo, nan yon nivo ki nwi kapasite timoun nan genyen pou l fonksyone nòmalman: pwoblèm je, soud oswa lòt pwoblèm pou tande, pwoblèm òtopedik, twoub emosyonèl, reta mantal, pwoblèm pou aprann, pwoblèm langaj, pwoblèm sante, otis oswa plizyè andikap. Nenpòt nan dyagnostik sa yo se yon doktè, yon sikològ ki gen lisans oswa ki sètifye oswa lòt pwofesyonèl ki gen kalifikasyon apwopriye pou fè dyagnostik ki dwe fè dyagnostik sa a.

NYC Children

## SEKSYON 2B MANM FANMI YO

1. Yon manm fanmi se nenpòt lòt moun ki fè pati tout moun k ap viv nan kay ou a, ni timoun ki pa bezwen sèvis gadri. Mete non ou an premye, epi mete non tout lòt moun k ap viv avèk ou yo, ni non dezyèm paran timoun nan, responsab li a epi bèlmè/bòpè li a, si li nesesè. Responsab la gen ladann responsab legal la, fanmi ki responsab li a oswa nenpòt lòt moun ki jwe wòl paran pou timoun nan. Ekri ak lèt detache siyati ak prenon an, epi inisyal dezyèm prenon an, si li nesesè.
2. Ekri ak lèt detache relasyon chak moun genyen avèk ou (pa egzanp, mari oswa madanm, patnè, granparan, paran, elatriye).
3. Ekri dat nesans lan ak lèt detache epi tcheke ti kare ki endike sèks pou chak moun ki nan kay la.
4. Tcheke "WI" oswa "NON" pou fè konnen si chak manm fanmi ki nan kay la se Ispanik oswa Latino oswa si yo pa youn nan yo. Li pa obligatwa pou w bay enfòmasyon sou orijin etnik epi sa p ap afekte kalifikasyon w pou jwenn Èd pou Gadri a oswa kantite èd ajans sa a pral ba ou.
5. Ranpli kolòn Ras la pou tout moun k ap viv avèk ou. Ou ka chwazi plizyè kategori ras pou yon sèl moun. Li pa obligatwa pou w bay enfòmasyon sou ras epi sa p ap afekte kalifikasyon w pou jwenn Èd pou Gadri a oswa kantite èd ajans sa a pral ba ou. Tanpri, itilize kòd ki anba yo.
   **AI** - Ameriken Natifnatal oswa Natifnatal Alaska **AS** - Azyatik **BL** - Nwa oswa Afriken Ameriken
   **HP** - Awayen Natifnatal oswa Lòt Abitan Zile Pasifik **WH** - Blan
6. Ranpli Nimewo Sekirite Sosyal la (SSN) pou manm fanmi w yo. SSN nan pa obligatwa. Ajans federal, eta ak ajans lokal yo kapab itilize SSN yo pou anpeche moun pran sèvis yo plizyè fwa epi pou anpeche fwod, epi pou Rapò Federal yo.
7. Si gen plis pase uit (8) manm fanmi nan kay la, tache yon fèy apa pou mete tout enfòmasyon pa yo a.

► DOKIMAN: Gade lis verifikasyon (CFWB-012B) la pou ka wè dokiman ki obligatwa pou tout timoun nan kay la ki poko gen 18 lane, kèlkeswa w bezwen sèvis gadri pou timoun nan, pou ka verifye relasyon timoun nan genyen ak paran oswa aplikan an epi pou verifye laj timoun nan.

## SEKSYON 3 BEZWEN TIMOUN NAN/FANMI AN

1. Tanpri, tcheke ti kare ki apwopriye a (yo) pou fè konnen pou ki rezon ou mande èd pou gadri a.
   - Travay
   - Fòmasyon pwofesyonèl, oswa aktivite edikatif
   - Resevwa Sèvis pou Vyolans Nan Kay
   - Ap Chache Travay
   - Sanzabri
   - Patisipe nan yon pwogram ki apwouve pou trete moun ki dejwe nan pran dwòg
2. Tcheke "WI" oswa "NON" pou fè konnen si gen yon paran ki p ap viv avèk timoun nan ki disponib pou l vin gade timoun nan.
3. Tcheke ti kare ki apwopriye a pou fè konnen si gen yon paran k ap travay aplentan kounye a nan Lame Etazini an. Ou dwe tcheke "WI" oswa "NON" pou demann nan konplè.
4. Tcheke ti kare ki apwopriye a pou fè konnen si gen yon paran k ap travay kounye a kòm yon manm nan Gad Sekirite Nasyonal la oswa ki se manm Inite Rezèv Militè. Ou dwe tcheke "WI" oswa "NON" pou demann nan konplè.
5. Di si aplikan an ap resevwa ak/oswa mande sèvis gadri atravè yon lòt ajans epi chwazi ajans lan.

► DOKIMAN: Gade lis verifikasyon (CFWB-012B) la pou ka wè dokiman ki obligatwa pou chak rezon gadri a. Dokiman estati militè a pa obligatwa. Yon aplikan dwe bay dokiman revni li resevwa nan sèvis militè li.

## SEKSYON 4 TRAVAY

(Se pou chak paran, responsab oswa bèlmè/bòpè ki nan kay la ranpli li si rezon ki fè w mande èd pou gadri a se poutèt yon travay oswa si w ap deklare revni travay la)

1. Ekri ak lèt detache non patwon aplikan an, adrès li, ak nimewo telefòn li.
2. Ekri ak lèt detache dat kòmansman travay la.
3. Tcheke ti kare ki apwopriye a pou fè konnen si travay ou a gen yon chanjman orè epi/oswa si l egzije w fè lè siplemantè.
4. Si li nesesè, ekri ak lèt detache non patwon an, adrès ak nimewo telefòn pou dezyèm paran an, responsab oswa bèlmè/bòpè ki nan kay la.
5. Si li nesesè, ekri ak lèt detache dat travay dezyèm paran an, responsab la oswa bèlmè/bòpè ki nan kay la.
6. Si li nesesè, tcheke ti kare ki apwopriye a pou fè konnen si dezyèm paran an, responsab la oswa bèlmè/bòpè ki nan kay la gen yon chanjman orè epi/oswa si l oblije fè lè siplemantè.

► DOKIMAN: Gade lis verifikasyon (CFWB-012B) la pou ka wè dokiman ki obligatwa pou travay.

## SEKSYON 5 ORÈ TRAVAY/AKTIVITE/VWAYAJ

(Se pou chak paran, responsab oswa bèlmè/bòpè ki nan kay la k ap travay yon kote oswa ki gen yon aktivite edikatif oswa aktivite pwofesyonèl)

1. Ekri an lèt detache orè travay nòmal la oswa orè aktivite pou chak jou nan semèn nan. Endike si lè yo se AM oswa PM.
2. Si gen yon dezyèm sèvis, travay, oswa aktivite, ekri ak lèt detache orè aktivite sa a.
3. Si li nesesè, ekri ak lèt detache orè travay nòmal ki pwograme pou chak jou nan semèn nan pou dezyèm paran an, responsab la oswa bèlmè/bòpè ki nan kay la.
4. Si dezyèm paran an, responsab la oswa bèlmè/bòpè ki nan kay la gen yon dezyèm sèvis, travay oswa aktivite, ekri ak lèt detache orè aktivite sa a.
5. Verifye konbyen tan li pran aplikan an pou l al travay oswa al nan kèk aktivite epi soti nan travay sa a oswa nan aktivite sa a pou l tou ale kote founisè a.
6. Di si aplikan an itilize transpò piblik pou l al travay oswa al nan kèk aktivite epi soti nan travay sa a oswa nan aktivite sa a pou l tou ale kote founisè a.
7. Si li nesesè, verifye konbyen tan sa pran pou dezyèm paran an, responsab la oswa bèlmè/bòpè ki nan kay la al travay oswa al nan kèk aktivite epi soti nan travay sa a oswa nan aktivite sa a pou l tou ale kote founisè a.
8. Di si dezyèm paran an, responsab la oswa bèlmè/bòpè ki nan kay la, ap itilize transpò piblik pou li al travay oswa al nan kèk aktivite epi soti nan travay sa a oswa nan aktivite sa a pou l tou ale kote founisè a.

## SEKSYON 6 ENFÒMASYON SOU REVNI

Pou seksyon sa a, reponn sèlman pou atik ou menm oswa yon manm nan kay la te fè yon revni sou li. Tanpri, mete enfòmasyon revni ou oswa enfòmasyon avantaj ou **epi** pou nenpòt lòt manm ki nan kay la ki granmoun, tankou mari oswa madanm ou genyen k ap viv avèk ou, oswa yon granmoun k ap viv avèk ou epi ou genyen omwen yon (1) timoun ansanm avè l. Epitou, mete nenpòt moun ki poko gen 18 lane, ki responsab legalman timoun nan oswa tout timoun w ap chache èd pou gadri pou li a (yo a).

1. Tcheke (□) Wi oswa Non pou tèt ou epi pou nenpòt moun k ap viv avèk ou pou chak kalite revni.
2. Pou chak repons "Wi", EKRI AK LÈT DETACHE montan an oswa valè a an dola ($), konbyen fwa yo resevwa li, epi non moun ki resevwa revni an.
3. **Yo dwe deklare tout revni yo nan demann nan.**
4. Si w fè konnen ou resevwa èd lajan kach, ou ta dwe mande sèvis gadri atravè ajan Resous Imèn (HRA) ki nan Sant Travay ou a.
5. Si ou pa byen konnen ki kote pou ekri yon kalite revni, ou kapab mete l anba "lòt".

► DOKIMAN: Gade lis verifikasyon (CFWB-12B) la pou ka wè dokiman ki obligatwa pou revni.

## SEKSYON 7 FOUNISÈ

1. Si w kalifye pou jwenn èd pou gadri, ki jwenn finansman nan men Sibvansyon Global pou Sèvis Gadri nan Vil New York (New York State Child Care Block Grant), ou gen posiblite pou w chwazi yon gadri ki nan yon sant oswa ki nan yon kay.
2. Si w konnen founisè oswa pwogram kote w ta renmen enskri pitit ou a, tanpri ekri non an, adrès la, ak nimewo pwogram ACS la (si li nesesè).

## SEKSYON 8 SÈTIFIKASYON

Tanpri, li seksyon sètifikasyon an ak anpil atansyon epi siyen li. Si aplikan an ap ranpli demann nan pou yon lòt moun, li dwe siyen pwòp non li. Si gen de (2) paran nan kay la, **toulede paran yo dwe siyen demann nan.**

Lè w siyen, ou sètifye resous total fanmi an pa depase $1,000,000. Egzanp pou resous fanmi yo se: lajan kach, kont epay ak kont kouran, kay ou, byen imobilye, machin, aksyon, obligasyon, fon mityèl, kont retrèt endivizyèl (Individual Retirement Accounts, IRA), kont 401(k), anwite, fon fidisyè, asirans vi, bagay ki nan yon kaz nan yon kòf sekirize, elatriye.

## SEKSYON 9 ESPAS POU ANPLWAYE YO EKRI

Pa ranpli seksyon sa a. Manm pèsonèl k ap detèmine si fanmi w kalifye pou jwenn sèvis gadri a pral sèvi ak sa a.

## ENFÒMASYON SOU ENSKRIPSYON ELEKTORAL

Dènye paj Demann pou Sibvansyon Gadri a se yon demann pou enskri pou vote. Si w ta bezwen èd pou ranpli fòm pou enskripsyon elektoral la, rele 311. Lè w fè demann enskripsyon pou vote oswa lè w refize enskri pou w vote, sa p ap afekte kalifikasyon w pou jwenn èd pou gadri a oswa li p ap nwi kantite èd ajans sa a pral ba ou.

## ENFÒMASYON SOU DWA AK RESPONSABLITE

Ou ka jwenn enfòmasyon sou Dwa ak Responsablite ou yo nan: http://otda.ny.gov/programs/applications/4148a.pdf

**Si ou pa gen aksè ak entènèt, ou ka rele NYC ACS nan (212) 835-7610 pou mande yo voye ba ou kèk kopi fizik ti liv ki pale sou Dwa ak Responsablite yo.**

- **LDSS-4148A**: *Sa Ou Dwe Konnen Sou Dwa ak Responsablite Ou yo*
- **LDSS-4148B**: *Sa Ou Dwe Konnen Sou Pwogram Sèvis Sosyal yo*
- **LDSS-4148C**: *Sa Ou Dwe Konnen Si Ou Gen yon Ijans*

CFWB-012B
REV. 07/23

NYC Children

# Lis Verifikasyon pou Soumèt Nouvo Demann pou Èd pou Gadri a

Demann pou Èd pou Gadri (CFWB-012) la dwe gen ladann dokiman sipò yo.
Verifye pou asire yo bay dokiman pou chak egzijans kalifikasyon pou sibvansyon an.

## 1. APLIKASYON (CFWB-012)

Asire tout seksyon yo byen ranpli, tankou:

- ◯ Si gen de (2) paran nan kay la, toulede paran yo dwe siyen
- ◯ Estati Militè (Seksyon 3)
- ◯ Tan vwayaj la (Seksyon 5)

## 2. REZIDANS NAN VIL NEW YORK

Kopi **youn** nan bagay sa yo:

- ◯ IDNYC
- ◯ Lisans Chofè
- ◯ CFWB-067 Atestasyon Rezidans
- ◯ Bòdwo Sèvis Piblik
- ◯ Resi Lwaye
- ◯ Seksyon 8 Lèt Prim
- ◯ Sètifika NYCHA
- ◯ Lòt ______________________________

*TANPRI SONJE: Si "LÒT" dokiman yo pa fin bon, ACS ap fè moun k ap aplike a konnen sa.*

## 3. SÈLMAN POU TIMOUN KI BEZWEN SÈVIS GADRI A (YO): ESTATI SITWAYÈNTE/IMIGRASYON

Kopi **youn** nan bagay sa yo:

- ◯ Batistè Ameriken
- ◯ Fòm Paspò Ameriken
- ◯ Sètifika Natiralizasyon
- ◯ Kat Anrejistreman Etranje ki gen ladan Kat Rezidan Pèmanan oswa Kat Rezidans
- ◯ FS-240 (Rapò sou Yon Sitwayen Ameriken Ki Fèt Aletranje)
- ◯ Lòt ______________________________

**TANPRI SONJE: Si "LÒT" dokiman yo pa fin bon, ACS ap fè moun k ap aplike a konnen sa.**

## 4. RELASYON TIMOUN NAN AK PARAN AN/APLIKAN AN

Kopi **youn** nan bagay sa yo pou **tout** timoun ki nan kay la ki poko gen 18 lane, kèlkeswa yo bezwen sèvis gadri pou timoun nan:

- ◯ Batistè
- ◯ Dosye batèm
- ◯ Paspò avèk siyati paran an
- ◯ Dosye Adopsyon
- ◯ Òdonans tribinal pou responsab legal ki gen responsablite finansyè

## 5. LAJ

Kopi **youn** nan bagay sa yo pou **tout** timoun ki nan kay la ki poko gen 18 lane, kèlkeswa yo bezwen sèvis gadri pou timoun nan:

- ◯ Batistè
- ◯ Dosye batèm
- ◯ Paspò
- ◯ Dosye adopsyon
- ◯ Kat Anrejistreman kòm Etranje

## 6. REVNI

Tout Aplikan ki soumèt CFWB-012 la dwe bay dokiman sou revni kèlkeswa rezon ki fè yo mande sèvis gadri a.

**Si W ap Travay**:

- ◯ CFWB-015 - Referans pou Patwon an pou Enfòmasyon sou Revni Anplwaye yo

**OSWA**

- ◯ Souch Chèk (Chak de (2) semèn = Chak 2 semèn; Chak kenzèn = De (2) fwa pa mwa)
- ◯ Chak semèn – 4 souch chèk resan, youn apre lòt si montan brit la menm valè
- ◯ Chak semèn – 12 souch chèk resan, youn apre lòt si montan brit la pa menm valè
- ◯ Chak de (2) semèn oswa Chak kenzèn – 2 souch chèk resan, youn apre lòt si montan brit la menm valè
- ◯ Chak de (2)semèn oswa Chak kenzèn – 6 souch chèk resan, youn apre lòt si montan brit la pa menm valè

Tanpri ale nan paj https://www1.nyc.gov/site/acs/early-care/forms.page pou jwenn fòm ak enstriksyon pou demann nan. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311 oswa 212-835-7610.

**Si w Se Yon Travayè Endepandan:**

- ◯ Si w se yon travayè endepandan pandan 1 lane oswa plis: pake taks sou revni aktyèl la, ki konplè epi ki siyen (egzanp, 1040, 1065, Orè C, SE pou patenarya, K-1, elatriye)
- ◯ Si w se yon travayè endepandan pandan mwens pase 1 lane, ranpli epi soumèt CFWB-031 an, ki se Atestasyon Enfòmasyon sou Revni pou Travay Endepandan (CFWB-031 Self-Employment Income Information Attestation)

**Lòt Revni:**

- ◯ Dènye chèk, souch chèk oswa lèt prim aktyèl ki obligatwa pou lòt revni aplikan an idantifye nan CFWB-012 ki gen ladan SSI, SSD, avantaj chomaj, revni lokasyon, pansyon retrèt, anwite, konpansasyon travayè, pansyon alimantè, ak sipò timoun.

## 7. REZON POU SÈVIS GADRI A

Aplikan an dwe dokimante youn nan rezon sa yo pou zafè gadri a:

a. **Travay an minimòm 10 èdtan pa semèn pou m touche omwen yon salè minimòm:**

- ◯ Gade anlè a anba revni an pou ka wè dokiman ki obligatwa pou Anbochaj ak/oswa Travay endepandan.

b. **Aktivite Edikatif oswa Aktivite Pwofesyonèl:**

Lekòl Pwofesyonèl, Inivèsite pou 2 Lane, oswa Inivèsite pou 4 Lane (youn nan bagay sa yo)

- ◯ CFWB-005 avèk so Lekòl la
- ◯ Epitou, yo aksepte yon lèt ki soti nan etablisman fòmasyon oswa edikasyon an sou yon papye ki gen yon antèt ofisyèl, men li dwe genyen tout enfòmasyon nesesè ki sou CFWB-005 la.

c. **Ap Chache Travay** (**Youn** nan bagay sa yo):

- ◯ CFWB-026 - Dosye Rechèch Travay
- ◯ Depatman Travay nan Eta New York Apwouve Plan Rechèch Travay la
- ◯ Prèv ou resevwa Asirans Chomaj

d. **Sanzabri** (Youn nan bagay sa yo):

- ◯ Referans Alekri Otèl oswa Chèltè a Bay
- ◯ CFWB-027 Kesyonè oswa Atestasyon sou Lojman

e. **Referans pou Vyolans nan Kay (Ki Soti nan Founisè sèvis akòz Vyolans nan Kay):**

- ◯ Referans pou sèvis akòz gen vyolans nan kay

f. **Referans Pwogram Tretman Abi Sibstans (Soti nan founisè sèvis Tretman Abi Sibstans):**

- ◯ Referans pou sèvis pou trete abi sibstans

Tanpri ale nan paj https://www1.nyc.gov/site/acs/early-care/forms.page pou jwenn fòm ak enstriksyon pou demann nan. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311 oswa 212-835-7610.

The City of New York
Administration for Children's Services
Division of Child and Family Well-Being
66 John Street, 7th Floor
New York, New York 10038

**Fason pou Soumèt Demann Ou An**

Tanpri, ranpli Demann Èd pou Gadri (CFWB-012) la, kolekte tout dokiman ki obligatwa yo pou ka verifye gwosè fanmi an, rezidans, revni, epi rezon pou sèvis gadri a. Asire ou itilize lis verifikasyon pou demann nan, pou asire demann ou an konplè anvan ou soumèt li.

Lè w fin ranpli l, tanpri voye demann ou an ak dokiman w yo nan adrès ki anba a pou yo kapab trete yo:

NYC Children – EDU
PO Box 40
Maplewood, NJ 07040

Se US Postal Service (Sèvis Lapòs Etazini) ki ta dwe voye tout dokiman yo. Fedex oswa UPS pa kapab voye dokiman yo nan yon Bwat Postal (PO Box).

Si w gen kesyon sou demann nan, tanpri rele Sant apèl ACS Child Care (Sèvis Gadri nan ACS) la nan nimewo 212-835-7610.

66 John Street/8yèm Etaj
New York, New York 10038

Child.FamilyWellBeing@acs.nyc.gov
www.nyc.gov/acs

# MEMORANDÒM

**Bay**: Tout Paran/Responsab Legal K ap Fè Demann Èd pou Gadri

**Rezon**: Estati Imigrasyon

---

GEN KÈK PWOGRAM KI EGZIJE PRÈV KI MONTRE TIMOUN OU GENYEN KI BEZWEN SÈVIS ED POU GADRI A SE YON SITWAYEN AMERIKEN, YON RESÒTISAN AMERIKEN OSWA YON MOUN KI GEN YON BON ESTATI IMIGRASYON.

YO P AP MANDE OUMENM AK NENPÒT LÒT MOUN KI NAN KAY LA ANYEN SOU ZAFÈ ESTATI IMIGRASYON YO, SOF TIMOUN KI BEZWEN ÈD POU GADRI A.

Si w gen nenpòt kesyon oswa si w ta vle jwenn yon lis pwogram sèvis gadri ak edikasyon pou timoun piti yo sibvansyone epi ki pa bezwen prèv sitwayènte yon timoun oswa prèv estati imigrasyon li, tanpri rele Liy Dirèk ACS Child and Family Well-Being (Byennèt Timoun ak Fanmi nan ACS) lan nan nimewo (212) 835-7610 oswa ale sou sit entènèt nou an ki se http://www1.nyc.gov/site/acs/early-care/eligibility.page

# NYS Agency-Based Voter Registration Form

**"If you are not registered to vote where you live now, would you like to apply to register here today?"**

- ☐ **YES** If you checked **YES**, please complete the **VOTER REGISTRATION APPLICATION** below
- ☐ **NO** because I choose not to register ***OR***
- ☐ I am already registered at my current address ***OR***
- ☐ I asked for and received a mail registration form

*If you do not check any box, you will be considered to have decided not to register to vote at this time.*

Signature ____________________ Date ___/___/___

Please Print Name ____________________

**Important!**

Applying to register or declining to register to vote will not affect the amount of assistance that you will be provided by this agency.

If you would like help filling out the voter registration application form, we will help you. The decision whether to seek or accept help is yours. You may fill out the application form in private.

Información en español: si le interesa obtener este formulario en español, llame al 1-800-367-8683

中文資料:若您有興趣索取中文資料表格,請電: 1-800-367-8683

한국어: 한국어 한국어 양식을 원하시면 1-800-367-8683 으로 전화 하십시오.

যদি আপনি এই ফর্মটি ইংরেজীতে পেতে চান তাহলে 1-800-367-8683 নম্বরে ফোন করুন

---

## VOTER REGISTRATION APPLICATION (instructions on back)

☐ Yes, I need an application for an Absentee Ballot

**Please print or type in blue or black ink**

☐ Yes, I would like to be an Election Day worker

**1** Are you a U.S. citizen? ☐ YES ☐ NO

If you answered **NO**, do not complete this form

**2** **A) Will you be 18 years old on or before election day?** ☐ YES ☐ NO

**B) Are you at least 16 years of age and understand that you must be 18 years of age on or before election day to vote, and that until you will be eighteen years of age at the time of such election your registration will be marked "pending" and you will be unable to cast a ballot in any election?** ☐ YES ☐ NO

If you answered **NO** to both of the prior questions, you cannot register to vote.

**For Board Use Only**

**3** Last Name | First Name | Middle Initial | Suffix

**4** Address where you live (do not give P.O. box) | Apt. No. | City/Town/Village | Zip Code | County

**5** Address where you get your mail (if different than above) | P.O. Box, Star Route, etc. | Post Office | Zip Code

**6** Date of Birth

**7** Gender (optional)

**8** Telephone (optional) | Email (optional)

**10** The last year you voted | Your address was (give house number, street and city)

In county/state | Under the name (if different from your name now)

**9** **ID Number** (Check the applicable box and provide your number)

- ☐ New York State DMV number __ __ __ __ __ __ __ __ __
- ☐ Last four digits of your Social Security number __ __ __ __
- ☐ I do not have a New York State DMV or Social Security number

**11** **Political Party**

**I wish to enroll in a political party**

- ☐ Democratic party
- ☐ Republican party
- ☐ Conservative party
- ☐ Working Families party
- ☐ Other ____________

**I do not wish to enroll in any political party and wish to be an independent voter**

- ☐ No party

**12** **Affidavit: I swear or affirm that**

- I am a citizen of the United States.
- I will have lived in the county, city or village for at least 30 days before the election.
- I will meet all requirements to register to vote in New York State.
- This is my signature or mark on the line below.
- The above information is true, I understand that if it is not true, I can be convicted and fined up to $5,000 and/or jailed for up to four years.

Signature or Mark in ink ____________________ Date ___/___/___

---

## (Optional) Register to donate your organs and tissues

| | | | |
|---|---|---|---|
| Last Name | | | |
| First Name | | Middle Initial | Suffix |
| Address | | | |
| Apt Number | City/Town/Village | | Zip Code |
| Birth Date | | Gender ☐ M ☐ F | |
| Eye Color | | Height Ft. In. | |
| Email | | DMV or ID NYC Number | |

**By signing below, you certify that you are:**

- 16 years of age or older
- Consent to donate all of your organs and tissues for transplantation, research, or both;
- Authorizing the Board of Elections to provide your name and identifying information to NYS Donate Life Registry for enrollment;
- And authorizing the Registry to allow access to this information to federally regulated organ procurement organizations and NYS-licensed tissue and eye banks and others approved by the NYS Commissioner of Health hospitals upon your death.

DONATE LIFE New York State

Signature ____________________ Date ___/___/___

**Qualifications for Registration**

You Can Use This Form To:
- register to vote in New York State;
- change your name and/or address, if there is a change since you last voted;
- enroll in a political party or change your enrollment;
- pre-register to vote if you are 16 or 17 years of age.

To Register You Must:
- be a U.S. citizen;
- be 18 years old (you may pre-register at 16 or 17 but cannot vote until you are 18);
- be a resident of the County, or of the City of New York at least 30 days before an election;
- not be in prison for a felony conviction;
- not claim the right to vote elsewhere; and
- not found to be incompetent by a court.

**Important!**

If you believe that someone has interfered with your right to register or to decline to register to vote, your right to privacy in deciding whether to register or in applying to register to vote, or your right to choose your own political party or other political preference, you may file a complaint with:

NYS Board of Elections
40 North Pearl St, Suite 5
Albany, NY 12207-2729
Telephone: 1-800-469-6872;
TDD/TTY users contact the New York State Relay at 711;
or visit our web site - www.elections.ny.gov

Your decision to register will remain confidential and will be used only for voter registration purposes. Anyone not choosing to register to vote and/or information regarding the office to which the application was submitted will remain confidential, to be used only for voter registration purposes.

## Verifying your identity

We will try to check your identity before Election Day, through the DMV number (driver's license number or non-driver ID number), or the last four digits of your social security number, which you will fill in Box 9.

If you do not have a DMV or Social Security number, you may use a valid photo ID, a current utility bill, bank statement, paycheck, government check or some other government document that shows your name and address. You may include a copy of one of those types of ID with this form.

If we are unable to verify your identity before Election Day, you will be asked for ID when you vote for the first time.

## To complete this form:

**It is a crime to procure a false registration or to furnish false information to the Board of Elections.**

*Box 9:* You must make one selection. For questions refer to Verifying your identity above.

*Box 10:* If you have never voted before, write "None". If you can't remember when you last voted, put a question mark (?). If you voted before under a different name, put down that name. If not, write "Same".

*Box 11:* Check one box only. Political party enrollment is optional but that, in order to vote in a primary election of a political party, a voter must enroll in that political party, unless state party rules allow otherwise.

Rev. 05/04/2021